

BIBLIYOTÈK LA

Kat bibliyotèk yo fèt gratis ticheri! Pi fò **bibliyotèk publik yo** ofri tout kalite liv ak magazin pou timoun, kote anpil ladan yo an panyòl, an franse ak lòt kalite lang. Anpil bibliyotèk yo patwone yon seri pwogram gratis pou timoun ak granmoun, tankou pwogram istwa pou timoun, èd pou devwadmezon, trening itilize konpitè, pou konekte sou entènèt, klib lekti avèk plis lòt bagay ankò. Si pitit ou gen yon seri bezwen espesyal, pa blye mande pou sèvis espesyal ki gen pou yo. Anpil fwa, bibliyotèk yo gen fòmasyon espesyal pou timoun ki avèg, ki soud, ki entèlidian anpil, ki bezwen kou ratrapaj. **Pa pè mande èd gratis sa yo.**

Men **sa w kapab fè** pou w kòmanse fè pitit ou ale nan bibliyotèk ak ouvri tout yon mond enfòmasyon ak amizman pou tout fanmi an.

- ❖ Fè tout moun nan fanmi an – menm timoun piti – patisipe nan ale nan bibliyotèk la, epi ale souvan.
- ❖ **Fè yon kat bibliyotèk.**
- ❖ Pale ak pitit ou sou fason yo ta dwe konpòte yo lè yo nan bibliyotèk la, tankou jan pou yo mache ak jan pou yo pale tou piti lè yo nan bibliyotèk la. Timoun ki pi piti yo pa ta sipoze lage pou kont yo nan bibliyotèk la.
- ❖ Ankouraje pitit ou mande èd lè y ap chèche liv ak lòt materyèl.
- ❖ Ou kab jwenn enfòmasyon sou devwa pou pitit ou nan bibliyotèk la.
- ❖ Mande moun ki travay nan bibliyotèk la pou montre pitit ou jan li kab chèche liv pou kont li
- ❖ Chèche enskri timoun yo ak lòt granmoun nan fanmi an nan yon seri pwogram espesyal tankou klib lekti ak klib konpitè.
- ❖ Si w ta renmen **plis enfòmasyon** sou bibliyotèk publik ki tou pre lakay ou yo ak ki kalite pwogram yo ofri, **rele nan 561-233-2600.**